

**PANGAJARAN NYERAT CARPON CONDONG KANA PANOKOHAN
SARTA PLOT KALAWAN NGANGGO PADIKA MIND MAPPING PIKEUN
MURANGKALIH KELAS XI SMA PGRI 1 BANDUNG**

ku
Didik Wahyu Anugrah
185030126

Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia
Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan
Universitas Pasundan Bandung

RINGKESAN

Pangajaran carpon mangrupikeun pangajaran anu mayunken katerampilan nyerat saleresna. Nyerat carpon janten kagiatan anu teu tiasa dianggep gampil kanggo murangkalih, kumargi ngaraos sesah dina nalika ngararangken ideu janten tulisan anu regreg. Tujuan tina panalungtikan, nyata pikeun nguningakeun kamampuh panulis dina ngarencanakeun sareng ngalakonan pangajaran nyerat carpon nyondong kana panokohan sareng plot nganggo padika Mind Mapping; nguningakeun kamampuh murangkalih dina nyerat carpon sateuacan dilarapkeun padika Mind Mapping; pikeun nguningakeun kamampuh murangkalih nyerat carpon saparantos dilarapkeun padika Mind Mapping; pikeun nguningakeun aya benten anu pisan sateuacan sareng saparantos dilarapkeuna padika Mind Mapping. Anu janten padika panalungtikan, dianggo Desain Nonequivalent Control Group Pretes Postes. Teknik pangumpulan data anu dianggo nyaeta tes sareng non tes (observasi, uji cob, studi pustaka, dokumentasi). Hasil panalungtikan nyaeta, panulis mampu ngarencanakan pangajaran nyerat carpon nyondong panokohan sareng plot nganggo padika Mind Mapping kalayan kening 3,9, lebet kana kategori sae pisan, sedengkeun kanggo nilai kamampuan ngalakonan pangajarana panulis kening 3,9, lebet kana kategori sae pisan. Kamampuh nyerat carpon murangkalih sateuacan dilarapkeun padika Mind Mapping atanapi prates kening rata-rata nilai 65 di kelas eksperimen, sedengkeun di kelas kontrol kening 46, upami kanggo pascatesna kelas eksperimen rata-rata kening 81, kelas kontrol rata-rata kening 74, janten penteun rata-rata kelas eksperimen langkung ageng kawit kelas kontrol. Hasil uji siginifikasi ngalangkungan Uji Wilcoxon Sig Rank-2 Tailed, kening Sig 0,000, hartosna upami nilai Sig < 0,05, janten lumangsung paningkatan anu signifikan nalika sateuacan sareng saparantosna dilarapkeun padika Mind Mapping.

Kecap poko: Carpon, Eksperimen, Mind Mapping Panokohan, Plot